

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Sanite Bélair yon memwa vivan

Otè : Darline Alexis, pwofesè literati nan Université
Quisqueya

Mwen ekri tèks sila a pou mwen pote yon koreksyon, mwen panse ki nesesè, sou yon deklarasyon mwen tande, sa te gen kèk semèn deja, paske de mo ka sanble nan lespri ki anndan yo oubyen yo ka gen menm sans, nan de seri sikorans, yo menm gendwa ta sinonim, epi nou pa kapab itilize youn nan plas lòt toutan. Mwen fè sa sitou paske sijè ki mennen deklarasyon an pi alamòd sèjousi gras a espesyalis etid feminis epi kiltirèl yo. Nan batay long ki angaje nan de domèn sa yo, gen gany menmjan tou gen bak ki konn fêt, selon moman listwa sosyete yo ap travèse. Se de done ki enpòtan nan tout analiz ki gen pou fêt pou pran mezi sa ki reyalize deja, sa k ap fêt epi fè wwojeksyon sou sa ki gen pou rive. Menmsi prekosyon sa yo ka pa anpeche moun twonpe yo.

Jean d'Amérique resevwa ane sa a Prix découverte théâtre pou pyès *Opéra poussière* li a, nan kad konkou *Radio France Internationale* (RFI) organise chak ane. D'Amérique se premye dramatik ayisyen ki resevwa pri sa a, men lòt ôtè tankou Faubert Bolivar make listwa konkou sa a déjà nan lane 2016 ak 2017. De fwa sa yo Bolivar te rive jis nan final konkou a ak de pyès ki se *Il y aura toujours un dernier soleil* ak *Quai des ombres*. Mwen kontan pou Jean d'Amérique epi mwen felisite li pou yon rekonesans li jwenn pou kalte travay li ap fè nan dòmen literati nan peyi Ayiti tankou lòtbòdlo. Mwen poko li pyès *Opéra poussière* la ki poko piblilye nonplis. Kidonk se pa pou pale de li mwen ekri tèks sa a.

Se videyo anons pri a, kote Madan Ken Bugul (prezidan jiri a ane sa a) ap eksplike desizyon jiri a, ki ban mwen pretèks atik sa a. Madan Bugul se yon pèsonalite nan monn literè a, menmsi nou pa tèlman konnen li pa bò isit. Li fêt nan peyi Senegal, li ekri plizyè liv epi li resevwa plizyè distensyon ak pri pou kalte travay li pwodui. Gen twa rezon prensipal li avanse pou li jistifye chwa jiri a : premye a, se bèlè ekriti ekriven an e pa gen manti nan sa ! Dezyèm nan se dekovèt pèsonaj Sanite Bélair a, yon fanm revolusyonè ki te ofisyne nan lame endijèn ki bay Ayiti lendepandans li nan lane 1803. Epi twazyèm nan, se sitou aspè sa a ki enterese mwen, travay « réhabilitation » figi istorik Suzanne Sanite Bélair ye a dramatik la reyalize a. Prezidan jiri an presize se yon pèsonaj li pa t konnen alòske li gen yon enterè patikilye pou listwa peyi Ayiti.

Nan detwa atik ki sòti nan jounal¹ lakay nou pou anons bèle nouvèl sa a pou karyè Jean d'Amérique, journalis yo reprann mo « réhabilitation » an, san kesyon li, san souliye difikilte li ta sipoze prezante pou noumenm Ayisyen. Sou kèk gwoup WhatsApp kote yo te pataje videyo anons lan, mwen louvri deba a ak detwa zanmi sou pétinans mo sa a lè nou ap pale de Sanite Bélair. Se kèk aspè diskisyon sa yo mwen reprann nan tèks sa a pou yon piblik ki pi laj epi kesyon sa yo enterese.

Mo « réhabilitation » an fè m reyaji pou de rezon pou pi piti. Men an nou gade pou kòmanse ki sans mo a, jan nou ka jwenn li defini nan diksyonè franse : mo « réhabilitation » an vle di aksyon ki pèmèt yon moun sosyete a oubyen Listwa te pase kontribisyon li anba pye nan evennman enpòtan ki konsène lavi yon peyi, yon komunité, jwenn rekonesans li merite apre yon tan. Lè sa fêt, pèsonaj la jwenn valè li ak respè devan lasosyete. Li eksprime tou koreksyon lajistik ka pote nan jijman li te pwononse pou li leve eskanp figi yon moun li te akize oubyen kondane san rezon valab. Mwen pa jwenn nan ankenn nan diksyonè kreyòl ayisyen nou yo mo « reabilitasyon » an. Men, mwen deside kenbe li epi kreyolize ôtograf li paske de ekspresyon tankou « leve eskanp figi », « bay valè », « mete sou moun », « onore » pa rann po pou po sans mo « réhabilitation » an.

Premye objeksyon mwen sou mo reabilitasyon, le yo itilize li nan ka Sanite Bélair la, pote sou aspè ki pi fasil la pou nenpòt Ayisyen ki pase lekòl nan sistèm nou an epi ki grandi epi ap viv nan peyi a. Pami medam yo, Suzanne Sanite Bélair se youn nan pèsonaj istorik ki pi selèb isit, apre petèt Catherine Flon, Dédé Bazile nou plis konnen sou non « Défilée la folle » ak Madan Dessalines, Claire Heureuse Félicité Bonheur. Menmjan ak medam sa yo, Sanite Bélair gen lekòl ki pote non li tankou l'École nationale Sanite Bélair nan Nò peyi a (nan lokalite Basile), l'École des Arts et Métiers Sanite Bélair nan Dame-Marie. Pandan lontan te menm gen yon estati Bélair nan Collège Saint-Pierre ki sou Champ de Mars la anfas Musée d'Art haïtien an. Mwen fenk aprann sa ! Epi tou li gen ri ki pote non li. Men pi enpòtan toujou sèke Sanite Bélair se figi ki sou lajan papye nou plis itilize nan peyi a : biyè 10 goud la². Biyè sila a yo ap itilize nan peyi a depi 2004, se youn nan biyè ki reyalize nan kad komemorasyon bisantin Lendepandans nou, menmsi se yon evènman nou malonètman salopete.

Èske nou toujou pran tan nou pou nou gade biyè sa a kòmsadwa ? Èske nou jamm pran tan pou obsèvè foto fi ki sou premye fas (*recto*) 10 goud sa a pou nou wè se reprezentasyon yon militè nan lame endijèn peyi a ki te goumen pou Lendepandans nou ? Kouman n ap fè konnen

sa ? Li gen chapo ofisyen li, inifòm ak zepolèt li epi nan fon foto (*arrière-plan*), nan yon espas ki yon tikras an retrè parapò ak figi Sanite Bélair, gen yon sèn lagè kote nou ka wè konbatan do touni ak bayonet nan men yo k ap batay ak lòt militè ki an inifòm. Men, plis toujou, kouman pou nou konnen kiyès ofisyen sa a ye ? Anba foto a gen non li ki ekri epi anndan parantèz bò kote li gen yon dat ak yon espas vid epi yon tirè devan li. Dat sa a se 1802 ki se dat sasinay Sanite Bélair. Espas vid la se kote ki ta sipoze gen dat li fêt, men menmjan sa ye pou anpil lòt nan pèsonaj istorik nou yo, nou pa konnen jou nesans ekzat li paske, nan sistèm esklavaj la, se pa t toujou yon sousi pou kolon yo pou yo kenbe achiv sa yo. oubyen achiv sa yo, lè yo te ekziste, yo vin pèdi.

Pou lansman nouvo biyè sa a ak lòt yo, nan kad komemorasyon desanzan Lendepandans lan, gwo kanpay publisite te fêt pou prezante peyi a, pèsonaj nou ka wè sou chak biyè goud n ap itilize depi prèske de deseni kounyea. Epi tou fè piblik la konprann enpòtans yo e pouki rezon peyi a deside onore yo. Imaj ki sou biyè yo se pa toujou pòtre pèsonaj yo, menmjan pou dat yo fêt nou pa konnen figi anpil pèsonaj istorik nou yo³ paske fè pòtre se te privilèj moun afè bon. Men atis pent yo, desinatè yo⁴ toujou itilize imajinasyon yo pou reprezante pèsonaj sa yo parapò ak temwayaj yo jwenn nan liv Listwa nou yo. Èske enfòmasyon sa yo rete fre nan tèt tout moun jiska jounen jodi a ? Si lekòl nou yo fè travay yo byen : wi. Èske enfòmasyon ki pi bazik lan klè toujou nan tèt tout moun ? Yon ti ankèt tou senp ka pèmèt nou verifye sa. Nou gen yon pwoblèm kenbe memwa nou vivan nan peyi a. Nou gen yon lòt tou ki se reflèks li yon dokiman lè li nan men nou ki poko janm ka pran toujou. Men, abitid raple jou lanmò, jou fêt de gran pèsonalite oubyen evennman enpòtan rantran nan abitid nou depi kèk tan (efemerid yo popilè anpil).

Dezyèm rezon retisans mwen oubyen rezèv mwen plis konsène moun ki enterese tankou Madan Bugul ak Listwa peyi Ayiti epi ki li liv sou li. Li difisil pou jwenn yon liv Listwa ki pote sou peryòd revolusyonè nou an san nou pa jwenn Sanite Bélair ladann. Kounye a, nou ka di pa gen liv Listwa ki pote sou lavi ak trajektwa Bélair anpatikilye. Men, nenpòt rechèch ou lanse sou fanm ewoyik nan Listwa Ayiti sou motè rechèch entènèt ap bay Sanite Bélair. Men sitou, nan domèn literati, se pa premye pyès teyat nonplis ki ekri sou pèsonaj sa a.

Tankou sa fêt souvan nan Listwa nou, se nan literati mank nou pale yo konn pafwa konble. Nan lanne 1942, Jeanne Perez, journalis, womansyè, piblilye yon pyès teyat ki rele *Sanite Bélair*⁵. Selon sa Emerante de Pradines (EDP)⁶ ki te jwe wòl fiyèl Bélair nan pyès sa a rakonte, depi nan lane 1936 zèv la te déjà jwe nan Rex Théâtre. Epi nan premye materyèl ki te itilize pou anseye timoun literati peyi a ak literati reyon Amerik latin lan, Lélia J. Lhérisson⁷ bay dat 1940. Wòl De Pradines lan te fè gwo bri nan epòk li, paske se te youn nan premye fwa chante fòlklorik ta pral chante sou sèn devan elit lokal la ki pa t manke pran pòz estomake li, fè jwèt ipokrit ki se youn nan mak fabrik li.

M ap fini sou kèk remak mwen va gen pou rapousuiv, yon jou petèt, nan yon travay pi konsekans. Nan liv nou pi itilize lekòl pou anseye literati ayisyèn⁸ lan depi nan lanne 1940 yo, se sèl twa otè ak de liv ki site pyès Jeanne Perez la. Nou jwenn referans li nan yon tablo sinoptik sou zèv teyat ki ekri nan peyi a nan *Manuel de littérature haïtienne et textes expliqués* (1945) Lélia Lhérisson an ak nan *Histoire de la littérature haïtienne illustrée par les textes* (1975-1978) Pompilus ak Berrou ekri ansanm. De otè sa yo prezante pyès Jeanne Perez la sou yon paj ak kèk liy.

San siperiz, nou jwenn nan prezantasyon zèv sa a malèz ki detanzantan travèse mesye yo depi se pou pale de seri de fanm k ap ekri. Pompilus ak Berrou kòmanse ekri rezime a pou di nou pyès sa a, ki rele *Sanite Bélair* la, se yon pyès sou Charles Bélair, mari Sanite Bélair ki limenm tou te ofisyne nan lame endijèn nan. N ap raple Perez se yon fanm ki te manm Ligue Féminine d'Action Sociale (premye estrikti òganize pou batay fanm nan peyi a ki kreye sou Lokipasyon Blan meriken nan lanne 1934) epi direktris magazin fanm lig la te kreye a pou yo bay medam yo zouti pa yo pou fè tandem vwa fanm yo, *La Voix des femmes* (1935-1957). Men, kòm otè yo oblige di nou evennman ki pase nan diferan ak/pati pyès sa a, ekzèsis la vin pi konplike pou yo. Menmsi li klè fraz rezime a pa koresponn ak oryantasyon jeneral pyès la, otè yo san kè sote rantran nan kontradiksyon ak pwòp tèt pa yo. Se konsa yon pyès ki ta va sou Charles Bélair, daprè Pompilus ak Berrou, oblige prezante aksyon ak santiman Sanite Bélair⁹.

Pou mwen fèmen mizopwen sa a, m ap tounen nan deklarasyon Madan Ken Bugul la ki se pretèks refleksyon an. Si mo reabilitasyon an, nan ka Sanite Bélair la, pa dwe fè sans pou nou Ayisyen, pou tout rezon nou sot wè la yo, m ap note yon lòt ekspresyon womansyè a itilize nan menm diskou a, ki se lefètke Sanite Bélair « sortie de la mémoire collective du peuple haïtien et des peuples du monde entier », pou mwen louvri pèspektiv sou yon lòt pwen epi souliye kouman etid pòskolonyal yo, noumenm Ayisyen nou inisyé, kontribye nan pote chanjman sou jan anpil lòt peyi ap gade Listwa yo

jodia. Se vre, pou nou, se pa yon reabilitasyon men yon omaj andiplis *Opéra poussière* rann pèsonaj Sanite Bélair la, ki la, byen vivan nan espas senbolik nou yo. Men, nan kad refleksyon k ap abôde kesyon jesyon memwa lesklavaj ak kolonizasyon, nan peyi Lewòp ak LaFrans anpatikilye, ki te mete anplas sistèm boutdi demounizasyon sa a, mo reabilitasyon an fè sans. E rezon an senp : nan memwa nou kòm pèp gen moso nou pataje ak anysen peyi kolonizatè yo. Nan dokiman ak moniman k ap jere memwa pataje sa a gen yon gwo twou bò kote peyi ki t ap ekzèse maspinay la. Kòm konkou a se RFI ki reyalize li, mwen aksepte lide mo reabilitasyon an ka anrapò ak yon Listwa peyi sa yo ap revizite pou yo pa kite ankenn fasèt li nan fènwa ankò.

Fanm total

Michel-Ange Hypolite (Kaptenn)

Ou se pouli
Ou se poli
Ou se fòs

Nan levye ou, vèvè tout branch lakontman apiye pou yo keyi rèv, leve pasyon ale-vini pou anvi viv rete vivan nan sous panse nou. Ou se pouli. Ou se poli. Ou se fòs. Ou se may etwale pou dezanchennen lespri.

Ou se bijou, bèle kayimit emay kriatalin. Ou se kadans pasyans nan kalfou entimite. Ou se moman tandrèz ki ede nou di : **Lavi a bèle!!** Lavi a bèle pou nou tout ki konnen ranmase fòs, epi leve defi plezi viv pou lavi a toujou bèle. Lavi ap kontinye ponmen pou nou tout ki konn viv epi ki aprann viv nan mitan boulvès pandan nou rale kè kontan, mete li opa, fè li souri pou nou de, epi mennen li ri avèk nou pou lavi rete bèle. Ou se pouli. Ou se poli. Ou se fòs panse pozitif. Ou se souf nan souf mwen. Ou se wonn plezi pou nou kontinye di ansanm: Lavi a bèle.

1.- Justin Gilles, « Histoire. Qui était Sanite Bélair ? », *Loop News* [En ligne], 28 septembre 2021 dans <https://haiti.loopnews.com/content/sanite-bélair-une-heroine-decouvrir>. Consulté le 28 septembre 2021.

Elien Pierre, « Jean D'Amérique honore la mémoire de Sanite Bélair », *Le Nouvelliste* [En ligne], 5 Octobre 2021 dans <https://lenouvelliste.com/article/231979/jean-damerique-honore-la-memoire-de-sanite-bélair-dans-opera-poussiere>. Consulté le 10 Octobre 2021.

2 Enfòmasyon sa a se konklyzon atik ki te sòti nan jounal Le Nouvelliste la tou. Men journalis la pa fè lyen ant done sa a epi kesyon reabilitasyon an.

3.- Nou ka li sou sijè sa a atik Emmanuel Moïse Yves, « Suzanne Sanite Bélaire (sic), héroïne nationale au visage inconnu », *Ayibopost*, 6 Octobre 2021 dans <https://ayibopost.com/suzanne-sanite-bélaire-heroïne-nationale-au-visage-inconnu/> Nou regrett atik la pa site non kèk pent ak desinatè ayisyen ki enspire yo de listwa pèsonaj la pou ba li yon figi.

4.- Men non kèk atis ki fè pòtre oubyen desen pou reprezante Suzanne Bélair: Richard Barbot (pou biyè 10 goud la), François Cauvin, Sarah Ponceblanc, Raphaël, Chevelin...

5.- Jeanne Perez, *Sanite Bélair*, Port-au-Prince, L'Illustration antillaise, 1942. Dat piblikasyon pyès sa a pa fin klè. Gen otè ki note 1940, 1942 epi 1949. Eske sa vle di te gen plizyè piblikasyon ki te fêt ? Ta sanble sa a paske gen youn nan edisyon yo ki se La Semeuse, yon lòt L'Illustration antillaise. Yon rechèch nan jounal epòk sa a va pèmèt nou wè pi klè.

6.- Louis Carl Saint Jean, Grands dossiers/Emerante de Pradines/Folklore/Culture nationale, *Le Nouvelliste* [En ligne], 20 septembre 2008. <https://lenouvelliste.com/article/62579/ils-etaient-legion-ceux-qui-avaient-honte-de-leur-identite>. Consulté le 20 Octobre 2021.

7.- EDP. C'était sur la scène du Rex Théâtre, en 1936, dans la représentation de « Sanite Belair », une œuvre théâtrale de Jeanne Perez. J'y avais joué et chanté le rôle de la filleule de Sanite Belair. C'est d'ailleurs en cette occasion que j'avais chanté mes deux premiers morceaux folkloriques. C'était un fait culturel inédit en Haïti, car jamais auparavant quelqu'un n'avait chanté sur scène notre folklore. »

Gen de lòt sous ki pa ale nan menm sans ak Madan De Pradines. Gen de kote se 1942 ki endike kòm dat premye reprezentasyon pyès sila.

7.- Lélia J. Lhérisson, *Manuel de littérature haïtienne et textes expliqués*, Port-au-Prince, éd. Collège Vertières, 1945.

8.- Nou pa jwenn referans pyès Jeanne Perez nan lòt liv sa yo : *Pages de littérature haïtienne* (1951) Pradel Pompilus, *Histoire de la littérature haïtienne de l'Indépendance à nos jours* (1960) Ghislain Gouraige, *Manuel illustré d'histoire de la littérature haïtienne* (1961) Pradel Pompilus ak Frères FIC yo.

9.- Raphael Berrou, Pradel Pompilus, *Histoire de la littérature haïtienne illustrée par les textes*, Port-au-Prince, ed. Caraïbes, tome 3, 1978, p.460-461.